



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 6.7 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL LA
POU EDE ENDISTRI LAPÈCH MARITIM NEW YORK LA PANDAN PANDEMI
COVID-19 LA**

***Pwogram Sekou Lapèch New York la pral ofri pèman dirèk pou ede adrese pèt
komèsyal ki gen rapò ak pandemi an***

Peryòd aplikasyon 30 jou an ouvri 1 desanm

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 6.7 milyon dola nan finansman federal la disponib nan [Pwogram Sekou Lapèch Maritim](#) (Marine Fisheries Relief Program) nan ki etabli pa Èd, Soulajman, ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security, CARES), ki se yon Lwa pou ede endistri lapèch maritim New York la apre gwo pèt ekonomik ke pandemi COVID la lakoz. Biznis widmè, lapèch maritim komèsyal, ak biznis lwazi lokasyon pou lapèch maritim ki elijib yo pral kapab aplike pou finansman an k'ap kòmanse 1 desanm, pou ede bay soulajman finansye pou endistri ki enpòtan anpil sa epi ki frape di a.

"Kòm doulè ekonomik pandemi COVID-19 la ap kontinye afekte endistri yo toupatou nan glòb la, endistri lapèch maritim New York la pa echape", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kit se lapèch lwazi oswa komèsyal, biznis ki konpoze endistri sa a enpòtan anpil pou siksè ekonomik ak eritaj kiltirèl New York depi kòmansman eta nou an epi li esansyèl pou nou asire yo gen resous ak sipò yo bezwen pou yo kontinye opere pandan moman difisil sa yo."

Resous marin New York yo enpòtan anpil pou ekonomi Eta a, nan sipòte prèske 350,000 djòb epi jenere plizyè milya dola atravè endistri touris, pèch ak lòt endistri ankò. Se Administrasyon Endistri Lapèch Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik (National Oceanic Atmospheric Administration, NOAA) Fisheries ki te detèmine 6.7 milyon dola Eta a nan alokasyon [Pwogram Sekou Lapèch Maritim](#) lan baze sou revni mwayèn anyèl totalbiznis yo ki gen rapò ak lapèch New York yo, men li pa reflekte pèt ekonomik total endistri a akòz COVID -19 la. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York te travay an kolaborasyon avèk NOAA Fisheries ak Komisyon sou Endistri Lapèch Maritim Eta ki sou Zòn Oseyan Atlantik yo (Atlantic States Marine Fisheries Commission, ASMFC) pou resevwa apwobasyon pou yon Plan Depans pou Pwogram Sekou Lapèch New York la ki etabli kad pou distribye finansman sa a.

Komisè DEC Basil Seggos te deklare, "Endistri fwidmè ak lapèch New York yo ap fè

fas a enpak negatif siyifikatif depi nan premye repons COVID-19 la, epi yo kontinye fè fas a nouvo defi pandan eta ak nasyon nou an ap konbat pwopagasyon an. DEC rete angaje nan sipòte endistri lapèch maritim New York yo epi li pral travay an kolaborasyon avèk patnè nou yo pou akselere distribisyon sekou sa a pou tout aplikan ki elijib yo".

DEC pral pibliye aplikasyon Pwogram Sekou Lapèch New York yo ak enfòmasyon sou kalifikasyon adisyonèl nan dat 1 desanm 2020. Oon fwa ke yo disponib, yo pral fiche aplikasyon yo sou [sit entènèt DEC la](#) epi yo pral voye avi bay detantè pèmi maritim yo, gwoup konsiltatif moun ki gen enterè yo, ak lòt pati ki potansyèlman elijib yo. Nou ankouraje patisipan potansyèl yo pou revize tout kritè nan plan depans final sekou pou lapèch la sou la. [sit entènèt Lwa CARES DEC la](#). Pou plis enfòmasyon, voye imèl bay fisherydisaster@dec.ny.gov, oswa rele (631) 444-0473.

DEC pral aksepte aplikasyon yo pou 30 jou, jiska 31 desanm 2020 Aprè peryòd aplikasyon an fini, DEC pral trete aplikasyon yo te refize okòmansman nan kad yon pwosesis apèl apwofondi ak enklizif, pandan y'ap kenbe konfòmite avèk pwogram federal la. DEC pral travay an kolaborasyon avèk ASMFC pou distribye finansman bay aplikan ki apwouve yo. Yo pral debloke epi mete èd disponib pou patisipan yo apre apwobasyon aplikasyon yo. Jan NOAA Fisheries mande sa, yo dwe debloke tout lajan ki repati nan Eta New York bay patisipan yo an septanm 2021. Gen kèk benefisyè prim ki ka sijè ak yon odit federal.

Efò New York pou ede garanti finansman sa a pou endistri lapèch la se jis youn nan plizyè etap Gouvènè Cuomo te pran pou ede endistri a ak anviwònman li depann de li pou li pwospere a. New York deja [depoze yon plent](#) kont Depatman Komès Etazini an (U.S. Commerce Department) an pou konteste kota ki ilegal ak enjis yo atribi bay Eta a pou lapèch komèsyal pwason flè yo (pwason flè dete)

Eta a nan twazyèm ane ekspansyon istorik resif atifisyèl yo sou rivaj Long Island lan tou pou ankouraje endistri rekreyatif, ak lapèch espòtif ak endistri plonje New York yo. Konbine avèk pi gran akò ewolyèn olaj zòn kot yo nan nasyon an, investisman rekò sou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund) la ak Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act), entèdiksyon sou foraj nan zòn kot yo, adopsyon 'pwojè lwa 'Bunker' a pou entèdi yo pran menaden avèk itilizasyon filè ak senn pou pwoteje espès fondamantal sa yo, pwogrè kontinyèl Inisyativ Restorasyon Fwidmè Long Island (Long Island Shellfish Restoration) lan, ak lòt pwogram pou pwoteje ak amelyore kalite dlo, efò Gouvènè a yo ap reyalize yon anviwònman maritim pi pwòp ak pi bon pou tout Nouyòkè yo.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)